

# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores  
Elementary School  
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



NOVEMBER 2023

# A note from Mr. Sabatino,



Chè Paran / Gadyan:

Èskew ka kwè sa tou fèt yo deja la? Tan an sanble ale pi vit pi vit chak jou!!

Nan mwa Oktòb la nou te kanpe kont dròg, ak montre ke nou ini poun kanpe kont li nan semèn riban wouj la! Nou te egalman patisipe nan mach nasyonal la nan lekòl la. Nou te genyen kek rasanbleman etonan nan Oktòb la ki te genyen anpil siksè akòz nou genyen paran ak gadyen fantastik. Ekip Kindergarten nan te kòmanse ak dejene alfabetizasyon nan pi bon fason l te òganize premye a pou ane a.

Pandan semen riban wouj la elèv nou yo ak anplwaye nou yo te mete rad ki montre kòman nap sipòte vi san dròg, dròg pa ladanl. Nou te mete rad tie dyes pou lapè san dròg; Ekip jersey a te vini epi san dròg; Wouj poun ini kont dròg; nou te mete pijama poun di dròg ou pap detwi rèv nou, epi lekòl nou an te mete mayo ki endike nou lib nan zafè dròg. Se te yon gran semèn epi nou te montre kòman nou ka kanpe kont dròg.

Pandan mwa Oktòb la nou te fè anpil siksè nan rasanbleman nou yo, epi nap di nou mèsi pou patisipasyon nou. Elèv nou yo te genyen anpil bagay amizan yo te fè epi yo te resevwa anpil fantastik prim. Group ki te resevwa donasyonw yo te apresye genewozitew yo. Nou te lanse dejene alfabetizasyon nou yo ak ekip kindergarten nan ki te prezante liv enteresan yo a ak anpil estrateji pou kesyone epi angaje pitit ou yo pandan yap fè lèkti lakay. Chak mwa chak klas nou yo pral òganize yon dejene alfabetizasyon poukont yo. Vandredi 17 Novanm nap gen ekip premyè ane a kap prezante lèkti yo. Festivite a ap kòmanse a 7:15 nan maten nan kafeterya a. Nou te genyen yon premye nwit amizan mwa pase a ak Senk mesye anbourger ak pòm detè fri (Five Guys Burgers and Fries). Sa te fèt avèk siksè epi li bay anpil jwa ak moun ki te patisipe yo. Tanpri, fè efò pou gade enfòmasyon konsènan lòt nwit amizan fanmiy an. Fon sa yo ap ede ogmante lajan pou pwojè lekòl la epi pèmèt ke Eagle faniy nou an ale deyò lekòl la.


Tanpri pa voye pitit ou a lekòl avèk soda kòm bwason pou dejene yo. Nou kapab apresye dlo pou idrate timoun yo. Tanpri, voye tou ti goutte ki bon pou sante. Mèsi tout moun pou sipò ak koperasyon nou chak jou. Nap travay ansanm poun leve Lidè avni mond nou an.

**Mèsi anpil pou tout sa ou akonpli!**

# A note from Ms. Rogers,



Novanm ofisyèlman make fen premye trimès nou an. Sa vle di pitit ou a pral resevwa premye kanè yo le 6 novanm pou ane lekòl sa a. Kanè papye yo pa distribye ankò. Ou ka jwenn kanè yo sou pòtal pitit ou a sou SIS Gateway Tile a epi anba rapò ki nan mitan an. Asire w ke w klike sou TR1 answit sou Rapò. Si ou pa gen yon login, tanpri imèl mwen dirèkteman nan [Kimberly.Rogers@palmbeachschools.org](mailto:Kimberly.Rogers@palmbeachschools.org).



Kounye a se yon bon moman pou w planifye yon konferans paran/pwofesè ak pwofesè pitit ou a. Kit pitit ou a satisfè nòm yo oswa ou pa, chèche konnen sou fòs ak feblès yo, sou konpòtman yo ak sou fason ou ka sipòte yo lakay yo. Pi bon fason pou kontakte pwofesè a se pa imel.

# After School Program

*Enskripsyon an ap kontinye..... Frè enskripsyon an se \$25 dola pou chak timoun.*

*2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an kounye a li disponib Online.*

*<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/pick> 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.*

**Novanm 1e plasman oubyen total ou dwe peye a se: 2 Novanm**

**Novanm 2èm plasman oubyen total ou dwe peye a se: 15 Novanm**



## *Yon ti imè*

Yon ti Imè

Poukisa pantalon pilgrims (pèleren) toujou ap tonbe?

Paskel mete bouk sentiwon li nan chapo li.

Si Avril se douch li pote flè nan Me, kisa flè nan Me pote?

Pèleren

Poukisa Kodenn jwe senbal nan group mizik?

Paske li deja gen tanbou

Poukisa kodenn pa manje desè

Li prèske boure

Kòman ou ka kenbe yon kodenn pandye?

Map kapab kitew konnen semèn kap vini an!

Pase yon Bòn Fèt!!!

**Èskew te konnen**

**Fèt American sou 535 liv kodenn nan Thanksgiving (Fèt Remèsiman)?**

**Domestik kodenn paka vole, poutan kodenn sovaj ka vole 55 kilomèt chak inè de tan? Kodenn ki pi lou a pa janm rive 86 liv?**

**Kodenn ka desann si yo wè lapli tonbe?**

**Prezidan Lincoln te etabli dat orijinal pou selebre Thanksgiving nan lane 1863?**

**Moun mwayen an manje 4,500 kalori pandan jou Thanksgiving nan?**

**Kodenn yo konnen pou yo pase nwit yo sou pye bwa a?**

# Counselor's Corner

Mrs. Heitz  
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno  
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

## Alo Paran ak Gadyen!

Nou vle pitit ou a gen plis siksè posib nan lekòl la. Siksèl nan lekòl pa selman Li ak fè Matematik. Li se egalman konnen kòman pou aprann epi viv byen ak lòt moun. Gid nan klas, nou kapab itilize dezyèm pati pwogram nan poun anseye konpetans yo dwe swiv nan 4 nivo. 1- Konpetans pou aprann: Elèv yo gen konpetans pou ede yo aprann, li gen ladanl kòman yo dwe konsantre atansyon yo, tandè ak atansyon dwe afime lè yo mande èd pou fè devwa lekòl la. 2 Senpati: Elèv yo aprann idantifye ak konprann sa yo genyen ak sa yo santi. Elèv yo konnen kòman yo ka pran lòt pèspektiv ak kòman pou montre konpasyon. 3- Jesyon emosyon: Elèv yo aprann kòman pou yo rete kalm lè yo genyen santiman ki fò, kòm anksyete, ak kolè. 4- Solisyon pwoblèm: Elèv yo apran kòman pou rezoud pwoblèm ak lòt moun nan chemen ki pozitif. Pitit ou a kapab aprann anpil pandan ane sa a. Men lap bezwen èd ou! Siw ta gen nenpòt kesyon ki gen awè ak pwogran zèm pati a, tanpri pa ezite kontakte nou pou plis enfòmasyon. Mèsi pou sipò wap bay pitit ou a nan aprann konpetans ki ap kondwil nan siksè nan lekòl la ak nan vi li! Freedom Shores gen yon fantastik opòtinite epi li òganize atelye Bon Sans Paran gratis nan "Boystown" ki pa gen anyen pou peye. Yon depliyen te ale lakay ou ak pitit ou a, tanpri ranpli li epi retounen l lekòl la pi vit posib siw enterese. Plas yo limite pou Pwogram sa a ki ap dire (6) sis semèn, chak Mèkredi apati 11 Oktòb ant 5:30 - 7:30 pm nan Media Center nou an. Chak patisipan yo ap resevwa yon liv atelya a ak yon kaye gratis. Silvouplè rele Mrs. Briceño siw ta gen nenpòt kesyon nan 561-804-3103 oubyen nan email sa a [vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org](mailto:vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org)





### **Vitrin na lekòl yo**

Vitrin na lekòl yo: Vitrin na lekòl yo te prezante nan jou kite 17 Oktòb la. Pou plis enfòmasyon, ale nan Website distri a. Chwazi aplikasyon ki louvri ale lekòl la 2023-2024 nan jou ka premye Novanm lan. Si ou planifye pou patisipe nan chwa pwogram pou lekòl segondè (Middle school), fè ansòt kew aplike pi vit posib.

### **Donasyon pou Fèt**

Chapèl Boynton Beach Calvary ak Alpha Kappa Alpha Sorority ap bay panye Thanksgiving pou anpil paran ki gen bezwen. Nap toujou di yo mèsi pou benediksyon yo pou fanmy Freedom Shores Elementary pandan fèt yo! Nou kapab kòmanse bay pye bwa nan fen mwa Novanm nan. Bay pye bwa ede nou poun bay rad ak kado ak ti moun ki gen bezwen. Tanpri, gade nan flyer ki nan katab pitit ou a pou wè kòmanw kapab ede.





\*Konsyans sou zafè andikap ak dileksya: Ou kapab jwenn resous yo nan lyen sa a: <https://fndusa.org/> or <https://www.undertood.org/en>



## **The Parent As Liaison (Pal)**

Paran Kòm Lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: [mary.black.c@palmbeachschools.org](mailto:mary.black.c@palmbeachschools.org) pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosesis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Inivèsite paran yo, ou ka jwenn li nan lyen sa a: <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.



## **Child Find**

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj gratis pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, epi/oubyen tande. Pou kòmnnse pwosesis la, silvouplè rele ekip "Child Find" lan nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Siw gen bagay ou ta renmen konnen, oubyen nouvo bagay ou ta renmen pataje avek ekip ESE a, silvouplè kontakte Dr. Vereen, ESE Coordinator nan telefòn sa a 561-804-3110 oubyen nan imèl sa a: [sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)



**CONTACT:**  
Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator  
[sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)  
561-804-3110



# Freedom Shores Elementary

## PTO & VOLUNTEER

Mwen te vle pran yon ti moman pou REMESI tout moun ki te volontè yè e ki te ede ak Harvest Dans la!! Sa a te premye youn nou an nan 3 1/2 ane, nou te gen yon patisipasyon etonan!! Nou menm tou nou te gen plis volontè ki te parèt pou ede ak sipòte evènman sa a epi mwen pa ka remèsye nou tout ase (m regrèt si mwen rate nenpòt moun - foul moun yo te gwo - pwochen fwa nou bezwen koulè lumineuz pou volontè yo mete !!). Tanpri kenbe avè m 'kòm mwen remèsye chak ak chak nan nou!!

Kèk enfòmasyon konsènan Volontè:

Li rekòmande poun genyen 10 è tan volontarya anvan pou kapab chaperon ak ede nan yon jou pwomenad. Epi, ou pa kapab volontè nan pwòp klas pitit ou.

### UPCOMING EVENTS

NOV 18TH – SAC MEETING at 7AM

NOV 18TH – PTO MEETING right after



**FOR MORE PTO INFORMATION:**  
[freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com)

**FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:**  
[freedomshoresvolunteers@gmail.com](mailto:freedomshoresvolunteers@gmail.com)



# Freedom Shores Elementary

# PTO & VOLUNTEER

DJ Ovcen: Mèsi paske w bay tan w epi fè fèt la lavi!

Dekorasyon: Angie Angelo, Lindsay Keyser, Barb Palmer, Carol Balet, Madam Tejada, Madam Ceci, Madam Lewicki, Madam Roseman, Madam Quinn, Gage Dery, Mesye Ovcen, Angelica Bondonese, Dr Leicht, Madam Kliskiak, Madam Derojas (mwen sèten te gen plis)

Sèvez nou yo ak sèvez Bistro nou yo: Madam Roseman, Madam Lewicki, Madam Allegro (ak pitit gason), Madam Howard, Madam Tringali, Madam Zdieba, Madam Salley, Madam Bergeron (gwo ti bebe Bergeron), Gage Dery, Angelica Bondonese, Madan Morrin

Gad sekirite planche dans: Madam Fuller, Madan Lanfranco, Cindy Dube, Madan DiMarco, Madan Rommy

Sipèvizè Patwouy: Madam DeRojas, Madam Klisiak

Bouncer pòt (tablo pre-lòd): Madam Hart, Madam Flick, Dr Leicht, Madam Quinn, Madam North, Madam Karpman

Tablo lajan nou an: Madam Dery, Mesye Abbott, Mesye Almonte

Audra: kouri soti epi pran swen pizza a

Doktè Vereen: Ede ak kite tout volontè yo, ofri 21 Century Kids pou ede ranpli sache pòpkòn yo.

Anplwaye Front Office: Reponn tout apèl ki te vini ak kesyon sou dans la

Admin ETONAN nou an: Sabatino ak Rogers di ou mèsi paske ou kite nou òganize yon evènman konsa siksè epi yo te la pou sipò tout tan an.

Ekip etonan ki te ede mete tout bagay sa yo ansanm:

Cindy Dube, Lindsey Keiser, Daliana Lanfranco, Laura Fuller, Angelica Bondonese, Tiffany North.

Cindy Dube (paran volontè)- Mèsi dèske w se poto dorsal mwen atravè tout planifikasyon evènman sa a. Acha pou tout sirèt koton/popcorn/bwason yo e menm kèk dekorasyon, epi tann nan liy long fè fas ak egzante taks!!

Lindsay Keyser (paran volontè)- Mèsi pou tout èd ou planifye, manyen don ak kenbe nou sou zòtèy nou yo ka resevwa evènman an mete parfe epi tou mete kanpe amazon wishlist la.

Daliana Lanfranco (anplwaye)- Ede ak nenpòt bagay mwen te mande ak bezwen!!

Laura Fuller (anplwaye)- Pran tan nan peryòd planifikasyon w yo pou w pase epi ofri w èd.

Angelica Bondonese (paran volontè)- Tout opinyon ou sou dans la ak don!!

Tiffany North (paran volontè)- Tout opinyon ou sou dans la ak bay tout ji yo!!!

Anplwaye gadyen AMAZING nou an- Dans la pa ta posib san ou pa mete kanpe pou netwaye ou mesye yo te fè li tout!!

Swen apre: Mèsi paske ou te netwaye kafeterya a bonè pou nou ka òganize evènman nou an!!

Ofisye lekòl la: Mèsi paske w pwoteje nou!

Moun ki te bay (TOUT dekorasyon / atik pou sak goodie elatriye yo te bay)

Lindsay Keiser, Cindy Dube, Carol Balet, Angelica Bondonese, Yesenia Bouza, Chavia Savage, Cara Moore, Michael LoBrutto, Cheri Rosen (etonan swen apre nou an)

Tout volontè siplemantè yo ki te parèt epi ki te pare pou sote pou ede nenpòt ki lè.

Nou tout gendwa nan diferan kay men nou tout vrèman te montre sa sa ye pou fè pati YON gwo fanmi!! (Si mwen te manke ou mwen vrèman regrèt epi jis konnen ke ou apresye .. Mwen pa t 'kapab fè li pou kont mwen !!)

**FOR MORE PTO INFORMATION:**

[freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com)

**FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:**

[freedomshoresvolunteers@gmail.com](mailto:freedomshoresvolunteers@gmail.com)

BACK TO  
School

SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS

S.O.A.R



Will be updated as information comes out

# Dual Language & Esol



## Notifikasyon Doub Lang ak ESOL

15 Septanm pou rive 15 Oktòb se mwa eritaj Latino yo. Mande pitit ou a ki sa li te aprann nan sa ki gen awè ak Eritaj moun Latino yo pandan mwa sa a.

Èske pitit ou a pa diw yo pa gen okenn liv pou li nan lang espanyòl lakay yo?

Nou gen yon solisyon! "Pwogram pou li espanyòl ki rele "Istation Español" li asesib pou fanmiw lakay li. Grant pwogram sa a, elèv nou yo gen aksè ak anpil Mil (1000) liv epi jwèt entèaktif nan lang espanyòl. Plis praktik pou li nan lang espanyòl kapab fèt lakay chak jou pou kontinye ranfòse konpetans jèn elèv kap aprann.

Si elèv nou yo ranpli kondisyon "Istation" chak semèn, ap gen plis tèks kab disponib Online ki pat janm genyenl anvan! Silvouplè, mande Pwofesè espanyòl la pou sous ki apwopriye pou nivo klas yo.

Yo te voye avètisman sou plasman nan pwogram lang Anglè oubyen lèt pou kontinye a pral jwen elèv yo nan sa ki gen awè ak plasman inisyal oubyen kontinyasyonnan pwogram ESOL la pou ane a. Paran, silvouplè siyen lèt sa a epi retounenl bay pwofesè pitit ou a oubyen Ms. Coffman.



## Kindergarten:

Li difisil poun kwè sa mwa Novanm nan deja la. Kòm fèy yo kòmanse chanje koulè epi yo sòt tonbe sou pye bwa yo, ti moun kindergarten yo tonbe pou liv yo! Pwosesis pou aprann li a ap kontinye e se pi gwo objektif nou pou elèv yo. Kòm yon timoun kap kontinye aprann, ak aplike chak nouvell estrateji poul fè lèkti, yon etonan chanjman pran plas! Sekrè pou pitit ou grandi, chanje, ak dezi pou li vini yon priyorite pou chak timoun. Li pou pitit ou, ak tandè yo menm kap li pou ou chak jou li voye yon mesaj ki vle di ke Li enpòtan pou nou tou de! Nan Matematik, nou kòmanse Adisyon kap egal ak 10.

Nou ta renmen diw mèsi pou sipòw nan fè lèkti lakay, epi pratike konesans nan Matematik. Sa ka fè yon diferans! Ke nou tout kapab genyen yon Bon tan Thanksgiving.

## First Grade:

Alo, Fanmi 1e ane yo, premye trimès la prèske fini. Se jis yon rapel, Rezilta pitit ou a ap nan Child's Portal title sou SIS ( pa gen kopi papyè) Tanpri fè ansòt ke adrès imel ak nimewo telefòn ou an li update (Aktyalize). Nou vle asire nou ke ou jwenn sifizaman apèl telefòn ak mesaj. Mèsi pou sipòw. Nou telman fyè pou tout travay di ou fè! Nan ELA nou kapab kòmanse inite 3 a nan Benchmark (Referans): Vini yon Bon Manm Kominote a. Elèv yo ap gen pou Li (lèkti) yon varyete de jan kap enkli: Nonfiksyon, Pwezi, Reyalistik Fiksyon, ak Biografi. Nou kapab ekri tou ekspozisyon tèks, ki chache ide prensipal, ak detay sou yon sijè. Lakay, Li/tandè yon liv pou omwen 15 minit chak jou. Nan mwa Mas la, nap pral travay sou inite 5 lan: Konprann Sans de siy Egal. Lakay, pratike faktè Adisyon ak Soustraksyon, ak estrateji pou 20 epi memorize faktè ki doub. Nan Syans: nap kapab nan inite 3: Bezwen poun viv bagay yo. Lakay, diskite bezwen fontamantal animal ak plant yo, epi kisa yo bezwen pou yo kontinye viv. Nan Etid sosyal, nap kontinye ak inite 2 a: Sivik ak Gouvènman. Lakay, pale sou senbòl Ameriken yo, kòm egzanp Bald Eagle (Malfini chòv), Flag (Drapo), Statue of Liberty (Estati Libète a), etc...

## **Second Grade:**

**Bon mwa Novanm a nou tout. Nou pa ka kwè sa, nou deja nan zèm trimès la nan yon ane enkwayab. Mwa sa a nou genyen anpil evènman eksitan. Nou paka rete tann pwomenad nou an nan Mize Syans lan 17 Novanm nan kote nou kapab dekouvri anpil enfòmasyon sou kòman nou ka souke kò nou. Mwa sa a nap travay sou soustraksyon ak doub chif, epi nap aprann plizyè metòd pou rezoud pwoblèm yo. Nan lèkti, nap travay nan inite 3 a ki pale de travayè gouvènman avèk ròl pou kenbe yo an sekirite. Mande pitit ou a kisa kavalye fimèn fè! Tanpri kontinye verifye katab ble kominikasyon an pou evènman empòtan ak devwa lakay. Pa bliye moman repo Thanksgiving nan 20 Novanm pou rive 24 Novanm. Madanm Tringali, Madanm Roseman, Madanm Howard, Madanm Zdzieba, Madanm Williams, epi Madanm Allegro vle swetew you Bon Thanksgiving. Nou tout rekonesan pou elèv ou yo!!**

## **Third Grade:**

**Alo, Fanmi 3èm ane yo!**

**Jis tankou nou ka wè sa mwa Oktòb la fini, repo Thanksgiving lan deja nan kwen an. Kanè premye trimès nou yo ap disponib nan potal elèv ou a nan dat 06 Novanm 2023. Mwa sa a nou gen sware alfabetizasyon nou an ki pral dewoule Jedi 16 Novanm a 6:30 PM. Nou espere wap la.**

**Finalman, tanpri toujou kontinye tyeke ajanda pitit ou a epi / oubyen gade katab la chak swa pou devwa ak enfòmasyon enpòtan ke wap bezwen siyen epi retounenl lekòl la**

## **Fourth Grade:**

**Paran ak Gadyen elèv 4èm ane yo Bon mwa Novanm! Mwa sa a nou wè yon pakèt bagay kap vini tankou Mwa Eritaj, Poste 6èm rapò elèv yo nan SIS, 11 Novanm se jou Veteran yo, epi 20 jiska 24 Novanm se tan repo pou Thanksgiving. Mèsi pou sipò ou kontinye bay nan kominikasyon ak Pwofesè yo, epi tyeke katab pitit ou chak swa pou devwa ak nòt ou dwe siyen.**

## **Fifth Grade:**

**Nou te genyen yon bon kòmansman nan ane lekòl la epi premye trimès la prèske fini. Festival otòn nan te vrèman amizan, nou te kontan wè elèv yo ki tap rejwi ak zanmi yo nan sware Dans lan. Nan Matematik, li te enpòtan pou ou konnen faktè miltiplikasyon yo, si li pa konsa, fè pitit ou a fè flascard lakay li. Nou ap genyen nwit alfabetizasyon Jedi 16 Novanm nan, se yon nuit ou kapab aprann diferant aktivite kew kapab fè lakay ou nan lèkti. Li enpòtan pou nou poun asiren ke ou tyeke ajanda pitit ou a chak swa pou devwa, epi lòt papyè lekòl la voye ba ou pou siyen. Chak elèv 5èm ane yo dwe fè lèkti chak swa pou 30 minit. Jwi tan repo w la nan Thanksgiving.**

**ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER!** If you have a business and would like to advertise in our newsletter or have a banner on campus, Call or Email Audra at (561) 804-3114 audra.spurlin@palmbeachschools.org

A HUGE THANK YOU


TO:



WHO ADOPTED MS. HOWARD'S AND  
MS. ALLEGRO'S CLASSES!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:



WHO ADOPTED MS. BERGERON'S  
CLASS!!!!

Thank you for being a GREAT

*Johnson's Memorial Chapel, Inc.*  
2015 S. Federal Hwy.  
Boynton Beach, FL 33435  
Tel: 561-509-8136  
Fax: 561-509-8171  
**Mr. Darryl L. Johnson**  
Licensed Funeral Director/Embalmer  
General Manager Of Operations  
F.D.I.C.  
johnsonsmemorial@yahoo.com  
www.jmcfuneralhome.com

Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT

**DUNKIN' DONUTS**  
1394 West Boynton Beach Blvd.  
Boynton Beach, FL 33462  
Polly Tabassum  
#561-846-9727  
boyntondonuts@patelmanagement.com

Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT


Frank Petrungaro  
General Manager



Store: (561) 424-2272  
bwbboynton@bwb2014.onmicrosoft.com

1790 N Congress Ave #600 | Boynton Beach, FL 33426  
www.brooklynwaterbagel.com

Business Partner!!!!



# NOVEMBER

# 2023

Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday
			1 No school Boystown Common Sense Parenting Program 5:30pm	2 Second Day of American Indian Heritage Month *Wear clothing to represent your culture*	3 Dollar, No Collar	4
5 Daylight Savings Time ends	6 Represent your house Holocaust Education Week National School Psychology Week	7	8 Boystown Common Sense Parenting Program 5:30pm	9	10 Dollar, No Collar	11
12	13 Represent your house.	14	15 SAC/PTO Meeting - 7am Boystown Common Sense Parenting Program 5:30pm	16 Ice cream truck during recess ESOL Parent Meeting - 6:00pm Literacy Night at 6:30pm	17 1st grade literacy breakfast Dollar, No Collar 2nd grade field trip- science museum	18
19	20 Thanksgiving Break	21	22 No School	23	24	25
November 20 - November 24, 2023						
26	27 Represent your house.	28	29	30	Dec 1 2nd grade field trip- Kravis Center Dollar, No Collar 4th grade field trip- Kravis Center	